



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

AVAN WIKENN FÈT AKSYON DEGRAS LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 27.5 MILYON DOLA POU NOURI NOUYÒKÈ KI NAN BEZWEN YO

Yo pral bay 11 òganizasyon bank alimantè finansman pou bay resous pou kominote ki gen revni fèb yo epi sipòte kiltivatè Nouyòk yo

"Gouvènè Hochul te siyen yon lwa pou kreye pwogram pèmanan 'Nourish NY la', ki te bay prèske 100 milyon repa bay Nouyòkè ki nan bezwen yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 27.5 milyon dola nan finansman adisyonèl pou Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon (Hunger Prevention and Nutrition Assistance Program, HPNAP) Eta Nouyòk la ak pwogram Nourish New York (Nourish NY) (Nouri Nouyòk) la. Yo pral bay onz òganizasyon sekirite alimantè finansman sa a ki sipòte yon rezo plis pase 2,600 gadmanje manje Eta Nouyòk, kwizin soup ak sitabri ki patikilyèman okipe pandan sezon fèt la. Ansanm, yo pral bay prèske 400 milyon repa ijans pou ede moun ki nan bezwen chak ane, pandan y ap bay kiltivatè Nouyòk yo yon kout pous.

"Pandan fanmi yo rasanble pou selebre Aksyon Degras Thanksgiving, nou konnen kèk moun ka bezwen yon ti èd anplis pou mete manje sou tab la — se poutèt sa envèstisman sa yo tèlman enpòtan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo toujou ede vwazen nou yo lè yo nan yon sitiyasyon difisil, epi efò nou pou bay manje pou moun ki nan bezwen yo pral bay plis pase 400 milyon plat manje nan mwa k ap vini yo."

"Yo te rann finansman disponib pou òganizasyon sa yo nan kad yon inisyativ ki fè patenarya ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta a pou ede rezidan ak kiltivatè Eta Nouyòk:

- Food Bank for New York City
- Regional Food Bank of Northeastern New York, Inc.
- FeedMore WNY, Inc.
- Catholic Charities Food Bank of the Southern Tier
- Food Bank of Central New York
- Feeding Westchester, Inc.
- Long Island Cares, Inc

- Island Harvest, LTD
- City Harvest
- United Way of New York City
- Foodlink, INC.

Òganizasyon sa yo pral distribye finansman nan plis pase 2,600 sit kòm yon sou-atribisyon pou sèvis asistans alimentè, oswa kòm alokasyon dirèk manje adisyonèl. Sa gen ladann achte manje adisyonèl, ke fèmme Eta Nouyòk pwodui pou ajans manm asistans manje ijans pa yo.

Bank alimentè yo pral kapab itilize sa yo pou òganize aktivite asistans alimentè, ki gen ladan pwogram distribisyon popilè yo òganize pandan sezon fèt la.

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Pèsòn moun pa merite rete grangou. Grangou ka lakòz estrès nan kò a ak lespri epi li ka lakòz malnitrisyon, enkapasite pou konsantre, enkyetid, ak depresyon. Envestisman sa a pral bay plis Nouyòkè aksè konstan ak manje ki an sekirite ak nourisan ki ka mennen nan pi bon rezilta sante. Depatman an rete angaje nan konbat grangou ak pwomouvwa sekirite nitrisyon atravè Eta sa a."

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te deklare, "Gras a sipò kontinyèl Gouvènè Hochul nan misyon nou pou ranfòse sistèm alimentè a, ogmante demann pou pwodwi agrikòl Nouyòk yo, epi asire aksè ak manje pou tout Nouyòkè yo, nou te fè pwogrè enkwayab nan konekte kiltivatè nou yo ak kominote ki pa gen ase sèvis nou yo, espesyalman depi nan moman pandemi an. Finansman adisyonèl y ap bay patnè nou yo nan bank alimentè atravè Eta Nouyòk jodi a pral pèmèt yo achte plis manje lokal ki an sante pou bay fanmi nou yo ki nan bezwen epi yo pral ofri yon mache kontinyèl pou fèmme nou yo."

Gouvènè Hochul te fè konbat ensekirite alimentè ak sipòte agrikilti Nouyòk la vin yon priyorite pou administrasyon li a. Sou lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Depatman Sante Eta Nouyòk ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk administre plizyè pwogram ki sipòte ogmante sekirite alimentè ak nitrisyon atravè Eta a:

Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon an sipòte yon rezo ki gen plis pase 2,600 founisè manje ijans ki distribye manje ki bon pou sante ak pwodui ki fre bay moun ki mande asistans yo.

Inisyativ Nourish New York la, Depatman an administre ansanm ak Depatman Agrikilti ak Mache a, bay finansman pou sipòte acha ak distribisyon atik ki grandi oswa pwodui nan Eta Nouyòk, ki gen ladan pwodui ak vejetab. Depi lansman li a, Nourish New York te sipòte acha plis pase 118 milyon liv pwodwi manje Nouyòk, sa ki bay kiltivatè Nouyòk yo yon kout pous ak plis pase 99 milyon repa pou moun ki nan bezwen yo.

Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children, WIC) sèvi plis pase 425,000 moun atravè sipò bay tete, edikasyon sou nitrisyon, benefis siplemanchè pou manje nourisan, ak referans pou swen sante.

Pwogram pou Achte Pwodwi Alimantè Siplemanchè a ofri manje gratis ak nitritif pou granmoun aje ki gen 60 an oswa plis. Apeprè 36,000 granmoun aje patisipe nan pwogram nan chak mwa. Pandan ete a, patisipan yo resevwa benefis adisyonèl pou fwi ak legim fre nan mache fèmeye yo atravè Pwogram Nitrisyon Mache Pwodikè Senyò (Senior Farmers' Market Nutrition Program), ki disponib nan Vil Nouyòk ak Long Island. Objektif la se amelyore sante moun ki gen revni fèb ki gen omwen 60 ane lè yo konplete rejim yo ak manje nourisan Depatman Agrikilti Etazini an.

Pwogram Manje pou Swen Timoun ak Adilt se yon pwogram edikasyon sou nitrisyon ak ranbousman repa ki ede founisè yo sèvi manje ak ti goute nourisan ki prepare san danje pou timoun ak granmoun nan anviwònman gadri yo. Pwogram nan finanse atravè Depatman Agrikilti Etazini epi li kontinye angajman Nouyòk pou ankouraje sante ak byennèt rezidan li yo. Tout timoun ak granmoun ki ale nan sant gadri, sant pou granmoun nan kominote a, pwogram apre lekòl, abri pou sanzabri, ak pwogram gadri pou fanmi yo resevwa repa.

Pwogram Sibvansyon Agrandisman Aksè ak Manje bay 10 milyon dola pou ede ogmante aksè ak manje pou Nouyòkè k ap viv nan zòn ki pa gen boutik epi ki pa gen opsyon pou manje ki an sante ak bon mache. Li bay finansman enfrastruktir pou sipòte devlopman ak ekspansyon makèt, koperativ manje, kyòsk agrikòl pèmanan, ak lòt magazen manje an detay nan rejyon defavorize nan eta a pandan yo ap ogmante mache pou kiltivatè Nouyòk yo.

Pwogram Sibvansyon Enfrastruktir Manje Lekòl Rejyonal la, ki bay 50 milyon dola sou senk ane pou sipòte enstalasyon kwit manje rejyonal yo ki pral fasilite itilizasyon pwodui agrikòl fre Eta Nouyòk nan preparasyon repa pou timoun lekòl Kindègadenn rive 12yèm.

Pwogram FreshConnect ak pwogram FreshConnect Fresh2You, ki kounye a double pouvwa acha pou benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) nan mache fèmeye atravè Eta Nouyòk. Inisyativ la bay Nouyòkè ki elijib yo yon kontrepati dola pou dola jiska 50 dola pa jou nan mache kiltivatè k ap patisipe yo, sa ki pèmèt fanmi ki bezwen yo achte plis manje ki bon pou sante, tankou pwodui fre, pwodui letye, ze ak vyann.

Pwogram Nitrisyon Mache Pwodikè (Farmers' Market Nutrition Program, FMNP) fè pwomosyon pwodiktè lokal yo nan elaji lavant yo nan mache fèmeye yo ak nan stand agrikòl yo epi ankouraje kominote ki an sante yo atravè konsomasyon manje lokal yo. Konsomatè ki elijib yo resevwa kupon pou yo itilize pou fwi ak legim fre nan plis pase 700 mache, ki gen ladan mache kiltivatè yo, kyòsk agrikòl yo, ak estasyon mache mobil k ap patisipe nan FMNP, ki bay kominote Nouyòk yo manje lokal ki bon pou sante.

Pwogram Finansman SNAP-Ed, ki administre an kowòdinasyon ak Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), vize pou rann pwodui lokal yo pi disponib epi aksesib pou kominote ki elijib pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (SNAP) pandan y ap achte pwodui lokal epi bay edikasyon sou nitrisyon atravè pwogram Community Garden ak Food Box yo.

Pwogram Soti nan Fèm Rive Lekòl konekte lekòl yo ak fèm lokal yo ak pwodikè manje yo pou ranfòse agrikilti lokal yo ak amelyore sante elèv yo. Atravè pwogram nan bay asistans finansye, teknik, ak pwomosyon pou lekòl, fèm, distribitè, ak lòt òganizasyon sipò yo pou pote plis manje lokal, nourisan, ki varye selon sezon bay elèv Nouyòk yo.

Inisyativ 30 Pousan Eta Nouyòk la bati sou pwogram Soti nan Fèm Rive Lekòl la nan ogmante ranbousman lekòl yo resewa pou manje midi soti 5.9 santim pou chak repa a 25 santim pou chak repa pou nenpòt distri ki asire manje midi lekòl yo gen omwen 30 pousan engredyan pwodui elijib ki kiltive ak transfòm nan Nouyòk, ki ofri opsyon repa ki pi an sante pou elèv yo ak lòt mache pou fèm yo.

Senatè Eta Roxanne J. Persaud, Prezidan Komite Sèvis Sosyal te deklare, "Lè nou jwenn yon lòt 27.5 milyon dola nan finansman pou pwogram sekirite alimantè enpòtan yo, n ap ede soulaje fado sou fanmi ki gen difikilte pou reponn ak bezwen ki pi fondamantal yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay popilasyon ki pi vilnerab nou yo priyorite epi li kontinye efò lejislati sa a pou konbat ensekirite alimantè nan kominote nou yo."

Manm Asanble Andrew Hevesi, Prezidan Komite sou Timoun ak Fanmi an, te deklare, "Ensekirite alimantè afekte moun atravè tout kwen nan eta nou an, finansman sa a pral kontribiye anpil pou soulaje reyalyte sa a epi asire pèsonn pa oblije mande ki kote, ki lè, oswa ki jan yo pral pran pwochen repa yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou lidèchip li sou pwoblèm sa a epi mwen pa ka tann pou m kontinye investi nan bezwen Nouyòkè chak jou yo."

Anplis de sa, **Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk** administre pwogram New York Food for New York Families (Manje Nouyòk pou Fanmi Nouyòk yo) ki finanse ak finansman federal la, ki bay prèske 50 milyon dola pou patnè bank alimantè yo ak òganizasyon sèvis alimantè yo pou aplike pwojè ki achte pwodwi manje Nouyòk yo epi distribiye yo nan kominote defavorize yo. Li bay asistans teknik tou pou ede kiltivatè yo vann nan pwogram Manje Nouyòk pou Fanmi Nouyòk la.

Sou sitwèb Depatman Sante a, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon](#), [Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun](#), [Pwogram pou Achte Pwodwi Alimantè Siplemanchè](#), ak [Pwogram Manje Swen Timoun ak Adilt](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)